

## BAB I BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Manusa nya éta mahluk anu miboga akal, béda jeung mahluk séjénna. Lantaran akal éta anu ngajadikeun manusa minangka mahluk anu miboga adab atawa aturan anu tangtu. Pikeun ngawangun manusa jadi mahluk anu miboga adab diwangun ku prosés pendidikan, boh pendidikan formal anu aya di sakola-sakola boh pendidikan informal anu datangna ti rupa-rupa sumber kayaning, pangajian, warahan kolot, lingkungan, jeung sajabana. Ieu hal luyu jeung kamandang Prof. Syed Muhammad Naquib al-Attas (2011:41), nyebutkeun yén tujuan pendidikan nya éta pikeun ngahasilkeun jalma anu hadé (*to produce a good man*).

Manusa disebut miboga adab saupama wanoh ka nu Nyiptakeunna jeung wanoh ka dirina sorangan. Tangtuna kabéh gé apal kana ungkara *mun teu wanoh moal bogoh*, anu hartina manusa moal bisa mikanyaah hiji hal saupama teu wanoh kana hal anu rék dipikanyaahna nya éta dirina jeung nu Mahakawasa. Maksud diri éta lain ngan saukur diri pribadi tapi maksudna nya éta lingkungan di mana manusa hirup kumbuh anu biasana dihubungkeun jeung séké sélér bangsa, anu salasahijina nya éta séké sélér Sunda. Sedengkeun maksud Tuhan atawa nu Mahakawasa nya éta agama anu diagem nu unggal jalma.

Ayana agama atawa aliran-aliran kaagamaan mangrupa salasahiji tarékah pikeun mikawanoh dzat anu nyiptakeun manusa. Ari pikeun mikawanoh diri manusa kudu mikanyaho karakter atawa idéntitas bangsana sorangan anu kawengku dina budaya jeung tradisi anu hirup di lingkunganana. Salasahiji warisan budaya anu hirup di masarakat Sunda nya éta *babasan* jeung *paribasa*.

Babasan jeung paribasa nya éta warisan basa anu diturunkeun ku karuhun urang Sunda. Babasan jeung paribasa mangrupa kabudayaan kolektif. Ku kituna, babasan jeung paribasa kaasup kana folklor lisan, lantaran wangunna murni ucapan tina lisan. Babasan jeung paribasa sok disebut ogé *peribahasa*, *pepatah*, atawa *ungkapan* dina basa Indonesia pikeun ngaganti kecap *idiom* atawa *proverb* dina basa Inggris, anu hartina mah méh sarua, nya éta ungkara matok atawa

maneuh anu miboga harti injeuman, maksudna nya éta miboga harti anu henteu saujuratna minangka salasahiji wanda kamonésan basa.

Rosidi (2005:7) nyebutkeun yén eusi babasan jeung paribasa Sunda lain ngan saukur minangka kamonésan basa, tapi ngabogaan fungsi séjén nya éta: (1) bisa digunakeun pikeun mere naséhat; (2) bisa dipaké pikeun meupeuh arguméntasi lawan; (3) bisa ngagambarkeun situasi atawa kaayaan hiji jalma.

Tina pedaran di luhur atra yén tina babasan jeung paribasa bisa jadi rujukan pikeun mikanyaho gambaran situasi atawa kaayaan hiji jalma. Gambaran kaayaan di dieu tangtuna mangrupa watek anu aya dina diri manusa, hususna urang Sunda. Ieu hal minangka tarékah pikeun mikawanoh jati diri urang Sunda. Lantaran numutkeun téori psikolinguistik sosial, basa lain ngan saukur hiji gejala atawa idéntitas sosial, tapi mangrupa hiji beungkeutan batin jeung nurani anu teu bisa ditinggalkeun (Chaer, 2009:6-7).

Upamana urang Sunda katelah ku budina anu soméah, daréhdéh hadé ka sémah, katelah ku anggah-ungguhna anu *hadé gogog hadé tagog*, dedeg pangadegna hadé saimbang jeung omonganana nu sopan (Rosidi, 2009:63). Hal éta mangrupa salasahiji gambaran watek urang Sunda anu aya dina babasan jeung paribasa urang Sunda. Jadi réa babasan jeung paribasa anu bisa ngagambarkeun kaayaan, sikep, atawa watek urang Sunda anu nyieun jeung ngagunakeun ungkara-ungkara babasan jeung paribasa.

Babasan jeung paribasa umumna sumebar di hiji komunitas masarakat sacara tatalépa. Nanging aya sababaraha panulis anu ngumpulkeun babasan jeung paribasa jadi hiji buku. Contona waé nya éta Ajip Rosidi anu ngumpulkeun babasan jeung paribasa Sunda anu kapanggih dina karya sastra meunang pangarang Sunda anu geus teu bireuk deui. Tuluy aya ogé R.M Gandasudirjda, Budi Rahayu Tamsyah, Natasuwirya, jeung réa-réa deui anu ngabukukeun babasan jeung paribasa Sunda. Sakumaha anu kaguar yén babasan jeung paribasa téh boga peranan penting pikeun mikanyaho watek urang Sunda sacara umum.

Ku kituna, karakter masarakat Sunda bisa dianalisis ngaliwatan pakeman basa anu masih kénéh hirup di masarakat kayaning babasan jeung paribasa. Tina pakeman basa anu hirup ti jaman baheula nepi ka kiwari, bakal kasawang

cecekelan hirup anu masih kénéh dipulasara ku masarakat nu maké basana, anu kagambar jeung ngagambarkeun watek (karakter) pamaké basa éta sorangan.

Anapon panalungtikan ngeunaan babasan jeung paribasa anu kungsi dilaksanakeun di antarana nya éta: “Babasan Paribasa dina Kumpulan Carpon Kanyaah Kolot Karang Karna Yudibrata, Korélasi antara Pangaweruh jeung Kamampuh Ngagunakeun Babasan Siswa SLTP Negeri Cicalengka” (Siswandi:2005), “Unsur Purwakarti dina Babasan jeung Paribasa Sunda pikeun Bahan Pangajaran di SLTP” (Kurniati:2004), sarta “Babasan jeung Paribasa Sunda (Tilikan Linguistik Antropologis)” (Novianti:2012). Sanajan sarua pada-pada nalungtik ngeunaan babasan jeung paribasa, tapi hal anu diguar tina unggal panalungtikan henteu sarua.

Dumasar hal di luhur, pikeun ngaguar kumaha waé watek urang Sunda anu kagambar dina babasan jeung paribasa, mangka diayakeun panalungtikan dina judul “Aspék Psikolinguistik Sosial dina Babasan jeung Paribasa Sunda (Ulikan Gambaran Watek Urang Sunda)”. Anu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan séjén nya éta baris medar ngeunaan watek urang Sunda sacara umum tina babasan jeung paribasa Sunda. Hasilna bisa jadi gambaran pikeun balaréa mikawanoh watek atawa karakter urang Sunda sangkan diri urang teu kabawa sakaba-kaba ku arus jaman. Mugia tiasa jadi élmu pangaweruh nu jadi tatapakan dina ngama’naan kahirupan.

## **1.2 Watesan Masalah jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Masalah dina ieu hal mangrupa puseur pedaran anu jadi galeuhna panalungtikan. Lantaran jembar pisan hal anu bisa dijadikeun masalah pikeun bahan panalungtikan. Tapi sangkan ieu panalungtikan bisa langsung nepi kana udagan, masalah anu ditalungtik diwatesanan. Masalah anu dipedar dina ieu panalungtikan nya éta masalah objektif anu leuwih museur kana unsur-unsur watek anu ngawangun kapribadian urang Sunda anu nyampak dina babasan jeung paribasa anu sumebar dina karya sastra.

### 1.2.2 Rumusan masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, masalah panalungtikanana dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Naon baé aspék-aspék psikolinguistik sosial anu aya dina babasan jeung paribasa Sunda?
- b. Watek urang Sunda naon waé anu kapaluruh tina babasan jeung paribasa Sunda?
- c. Kumaha patalina antara babasan jeung paribasa Sunda jeung aspék psikolinguistik sosial pikeun méré gambaran watek urang Sunda?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina disusunna ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun ulikan gambaran watek urang Sunda anu kapaluruh tina babasan jeung paribasa Sunda ngagunakeun pamarekan psikolinguistik sosial. Salian ti éta, ayana ieu panalungtikan dipiharep bisa méré fungsi séjén tina babasan jeung paribasa Sunda, nepi ka urang Sunda leuwih bisa mikawanoh jeung nguatan jati dirina sangkan henteu nepi ka *jati kasilih ku junti*.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Saperti halna nu geus dipedar dina tujuan umum ieu panalungtikan, sacara jéntré panalungtikan ieu mibanda sababaraha tujuan husus, di antarana pikeun maluruh jeung ngadéskripsikeun:

- a. aspék-aspék psikolinguistik sosial anu aya babasan jeung paribasa Sunda;
- b. watek urang Sunda anu kapaluruh tina babasan jeung paribasa Sunda; jeung
- c. hasil tafsiran patalina antara babasan jeung paribasa Sunda jeung aspék psikolinguistik sosial pikeun méré gambaran watek urang Sunda.

## **1.4 Manfaat Panalungtikan**

### **1.4.1 Manfaat Téoritis**

Mangfaat téoritis tina ieu panalungtikan nya éta sangkan bisa méré hiji gambaran ngeunaan téori psikolinguistik sosial salaku media pikeun maham hal-hal anu aya nyangkaruk dina pakeman basa (babasan jeung paribasa). Sarta sangkan leuwih mikanyaho karakter masyarakat Sunda.

### **1.4.2 Manfaat Praktis**

Dipiharep ku ayana panalungtikan ieu, bisa ngadéskripsikeun babasan jeung paribasa Sunda pikeun nambahan pangaweruh anu maca jeung nguatan téori ngeunaan psikolinguistik sosial sarta kabasaan Sunda.

Ngadéskripsikeun gambaran watek (karakter) anu nyampak dina babasan jeung paribasa anu sumebar dina karya sastra Sunda anu satuluyna bakal kaguar kumaha papasinganana sangkan bisa dilenyepan tur dipaké dina kahirupan sapopoé.

Hasil panalungtikan ieu ogé diarahkeun pikeun némbongkeun fungsi séjén tina babasan jeung paribasa nya éta pikeun ngagambarkeun watek (karakter) urang Sunda sacara umum. Ku ayana kagiatan maluruh jeung ngadéskripsikeun ngeunaan watek anu aya dina babasan jeung paribasa, dipiharep urang Sunda bisa jadi masarakat anu *beradab*.

## **1.5 Sistematika Nulis**

Sistematika panulisan dina ieu panalungtikan disusun jadi lima bab. BAB I Bubuka eusina nya éta kasang tukang masalah, watesan masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung struktur organisasi skripsi. Sarta dina BAB II Ulikan Téori, Raraga Mikir, jeung Anggapan Dasar anu medar téori ngeunaan babasan jeung paribasa Sunda, aspék psikolinguistik sosial, aspék psikologi, aspék interaksi sosial, watek, gambaran urang Sunda, papasingan watek dumasar tipologi kabudayaan, raraga mikir jeung anggapan dasar.

Sedengkeun BAB III Méthode Panalungtikan anu eusina ngeunaan sumber data, désain panalungtikan, méthode panalungtikan, wangenan operasional, téknik

ngumpulkeun data, téknik ngolah data. BAB IV ngabahas hasil panalungtikan jeung analisis data medar ngeunaan déskripsi data, analisis data dumasar aspék psikolinguistik sosial, analisis gambaran watek urang Sunda, sarta patalina babasan jeung paribasa Sunda jeung aspék psikolinguistik sosial pikeun ngagambarkeun watek urang Sunda.

Sarta pamungkas aya BAB V Kacindekan jeung rékoméndasi (saran), nu medar ngeunaan kacindekan tina panalungtikan, sarta rékoméndasi panalungtik pikeun panalungtikan kahareupna. Teu hilap dideudeul ogé ku lampiran-lampiran anu dibutuhkeun nalika panalungtikan.

